



Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RESTRIKSYON POU COVID-19 YO LEVE PLISKE 70% NOUYÒKÈ ADILT RESEVWA PREMYE DÒZ VAKSEN KONT COVID-19 LA

Restriksyon COVID-19 Eta yo ak Enstriksyon Sektè New York Forward yo leve pou enstitisyon komèsyal ki enkli komès detay, sèvis manje, biwo, sant jimnastik ak kondisyonman fizik, lwazi ak detant fanmi, salon kwafi, kwafè, sèvis swen pèsònèl, pami lòt yo

Moun ki pa vaksinen yo responsab pou kontinye mete yon mask, dapre enstriksyon federal CDC a

Lokal Evènman a gran echèl yo, lekòl matènèl rive nan 12yèm ane, transpò piblik, abri pou moun ki sanzabri, etablisman koreksyonèl, mezon retrèt ak sant swen sante yo dwe toujou respekte pwotokòl sante pou COVID-19 ki egziste yo dapre enstriksyon CDC yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke restriksyon pou COVID-19 yo leve imedyatman pliske 70 pousan Nouyòkè ki gen 18 tan oswa plis yo te resevwa premye dòz seri vaksinasyon COVID-19 yo. Enstriksyon sante Eta a ak enstriksyon presi pou Sektè *New York Forward* yo — ki enkli limit pou rasanbleman sosyal, restriksyon kapasite, distans sosyal, netwayaj ak sanitasyon, depistaj sante, ak enfòmasyon pou kontakte pou retrase moun yo— ochwa kounye a pou komès detay, sèvis manje, biwo, sant jimnastik ak kondisyonman fizik, lwazi ak detant fanmi, salon kwafi, kwafè ak sèvis swen pèsònèl pami lòt enstitisyon komèsyal yo.

Moun ki pa vaksinen yo kontinye responsab pou mete mask, dapre [enstriksyon](#) federal CDC a. Konfòmeman ak [aplikasyon](#) enstriksyon resan CDC a, mask yo toujou obligatwa pou moun ki pa vaksinen yo. Anplis, enstriksyon sante Eta a kontinye anvigè pou lokal evènman andedan agran echèl yo, lekòl matènèl rive nan 12yèm ane, transpò piblik, abri pou moun ki sanzabri, etablisman koreksyonèl, mezon retrèt ak etablisman swen sante yo, dapre enstriksyon CDC yo.

"Sa New York te akonpli a ekstraòdinè. Non sèlman nou gen to pozitivite COVID ki pi ba nan Etazini Damerik, nou atenn 70 pousan vaksinasyon anvan lè nou te prevwa a. Nou te deplwaye zam k ap genyen lagè a avèk siksè, epi New York te lidè nan peyi a," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te lidè avèk enfimyè Sandra Lindsay, ki te premye moun nan Northwell ki pran vaksen an epi pou rasire moun ke li te san danje. Nou te rive bay plis pase 20 milyon vaksen, plis pa abitan pase nenpòt lòt gwo eta nan Etazini

Damerik. Felisitasyon ak Nouyòkè yo paske se yo menm ki te fè sa. Nou pa sèlman ap siviv ankò—n ap pwospere. Direktiv eta a yo ki te fè prèv yo epi oryante nou pandan tout pandemi sa, dekontrakte apati jodi a, ki anvigè imedyatman."

Kowòdonatè Entèvansyon COVID-19 Mezon Blanch lan Jeffrey D. Zients, te deklare, "Nan kominote atravè New York yo, Kowonaviris mòtèl la pran retrèt gras ak pwogrè eta a nan vaksinasyon. New York soti nan youn nan eta ki te pi frape nan peyi a pou rive nan youn nan eta lidè yo nan efò li pou konbat viris la akòz yon pwogram vaksinasyon ki rann li fasil epi adapte pou Nouyòkè yo vaksinen, lidè eta ak kominotè ki te travay di nan nivo lokal yo, ak plizyè milyon Nouyòkè ki te twouse manch yo pou vaksinen".

Restriksyon COVID Eta a rete anvigè pou lokal evènman anndan yo—ke yo defini kounye a kòm lokal andedan ki kenbe plis pase 5,000 moun. Konfòmman ak [aplikasyon](#) Eta a nan enstriksyon CDC yo, yo ka itilize prèv vaksinasyon an pou elimine distans sosyal epi retire mask yo pou moun ki vaksinen konplètman yo. Moun ki pa vaksinen oswa moun yo pa konnen estati vaksinasyon yo ki depase laj kat ane, yo dwe kontinye prezante prèv yon rezilta tè COVID-19 negatif epi mete yon mask nan lokal la. Men yo ka diminye oswa elimine distans sosyal ant moun ki teste yo, k ap pèmèt lokal la rive nan 100 pousan kapasite a nan tout seksyon yo.

Apati jodi a, plis pase 70 pousan Nouyòkè adilt te resevwa omwen premye dòz vaksen COVID-19 la epi to nouvo ka COVID-19 yo te degrenngole nan nivo ki pi ba nan peyi a. Akòz pwogrè New York ak risk COVID-19 ki diminye nan kominote a, Eta a ap leve restriksyon COVID-19 ki anvigè yo imedyatman, sof pou egzijans mask pou moun ki pa vaksinen ak nan kèk enstitisyon (pa egzanp, lokal evènman anndan yo, lekòl matènèl rive nan 12yèm ane, transpò piblik, abri pou moun ki sanzabri, etablisman koreksyonèl, mezon retrèt ak etablisman swen sante yo dapre enstriksyon CDC yo). Byenke enstriksyon reouvèti sektè *New York Forward* la pa obligatwa ankò pou pifò sektè, y ap achive dokiman sa yo epi y ap rann yo disponib kòm yon referans piblik.

Akòz Eta a retire règ minimòm pou reouvèti a, biznis yo lib pou chwazi pou leve tout oswa kèk nan restriksyon yo, kontinye respekte enstriksyon Eta a ki nan achiv, oswa mete anplas lòt prekasyon pou sante pou anplwaye ak kliyan yo. Biznis yo otorize tou pou egzije mask ak sis pye distans sosyal pou anplwaye ak kliyan yo andedan etablisman yo, kèlkeswa estati vaksinasyon yo. Tout egzijans mask ke biznis yo chwazi mete anplas dwe respekte lwa ak règleman federal ak eta ki aplikab yo, tankou Lwa sou Ameriken ki Andikapè a (Americans with Disabilities Act).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)